



Lafwa nan Domèn Edikasyon

Dinamize Kominote Relijye Vil New York la sou Sitiyasyon Edikasyon an nan New York



KISA P-TECHS YO YE? VWA AKSÈ POU INVÈSITE

Lekòl P-TECH yo afilye ak yon lekòl kominotè CUNY e ofri elèv yo opòtinite pou yo pran kou pou yo dekwoche yon diplòm Asosye, san elèv la pa peye anyen.

Chak lekòl ki gen Klas 9yèm ane jiska 14yèm ane (Grades 9–14) travay ansanm tou ak patenè endistriyèl prensipal yo pou ede elèv yo eksplòre karyè yo epi akteri konpetans ki nesèsè pou yo travay nan endistri STEM yo.

Lekòl Fòmasyon Siperyè Prekòs ak Lekòl Fòmasyon Pwofesyonèl Vil New York ki gen Klas 9yèm ane jiska 14yèm ane (Grades 9–14) (ke yo konnen tou sou non Lekòl P-TECH), yo se lekòl piblik ki sou kont Depatman Edikasyon Vil New York la ki ofri yon pwogram lekòl segondè ki dire sis lane pou prepare elèv yo pou inivèsite ak karyè konpetitif nan endistri syans, teknoloji, jeni ak matematik (STEM) yo.

KIJAN POU APLIKE NAN P-TECHS YO?

Nan lekòl Vil New York ki gen Klas 9yèm ane jiska 14yèm ane (NYC Grades 9-14) yo, elèv yo pa bezwen reponn ak okenn kritè oswa pase yon pwosesis seleksyon. Lekòl Vil New York ki gen Klas 9yèm ane jiska 14yèm ane (NYC Grades 9-14) yo fèt pou tout elèv, an patikilye pou sa ki pi mal reprezante istorikman yo nan pi wo nivo edikasyon ak nan domèn STEM yo.

- Asire w ke w patisipe nan Sesyon Enfòmasyon oswa Pòt Ouvèt nan you nan lekòl nou yo oswa vizite tab nou an nan yon Salon sou Ansèyman Segondè epi enskri nan lekòl la.
- Klase seleksyon pa w pou Lekòl Vil New York ki gen Klas 9yèm ane jiska 14yèm ane (NYC Grades 9-14) yo kòm chwa prensipal lè w soumèt aplikasyon lekòl segondè w la.

Pou jwenn plis enfòmasyon, kontakte ekip Vil New York pou Klas 9yèm ane jiska 14yèm ane (NYC Grades 9-14) yo nan NYCPTECH@schools.nyc.gov.

NYC P-TECHS AKTYÈL YO

Aktyèlman, genyen nèf lekòl ki gen Klas 9yèm ane jiska 14yèm ane (Grades 9-14) nan Vil New York la ki chita kò yo nan Bronx, Brooklyn, Manhattan, Queens, ak Staten Island. Tanpri seleksyone apati lis ki pi ba a pou aprann plis sou chak lekòl, ki enkli konsantrasyon karyè ak endistriyèl li, patenè endistriyèl li yo ak patenè inivèsite CUNY li.

- Academy for Careers in Television and Film
- Business Technology Early College High School (BTECH)
- City Polytechnic High School of Engineering, Architecture, and Technology (City Poly)
- Energy Tech High School
- Health, Education and Research Occupations High School (H.E.R.O. High)
- Inwood Early College for Health and Information Technologies
- Manhattan Early College School for Advertising (MECA)
- Pathways in Technology Early College High School (P-TECH)
- Port Richmond High School

ESKANE POU



JWENN ENFÒMASYON